Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилье,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 5 (6793) 7 февраль 2022 с. Итни Ражаб 1443 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБАЗУЛ ГIУМРУ

## Гъалип Гъалипов Гъарадирихъ, ЦIиликь росабалъе щвана

### ШагIирасул цIаралда музей, цIияв бегавул...

**Бакълъулазул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас, гьесул кумекчи ГIалихан ДавудхIажиевас, лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевас, росдал магIишаталъул идараялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимовас ва цогидаз иргадулаб хIалтIулаб сапар бухьана районалъул росабалъе. Гьедин, гьел щвана Гъоркь, Бакьулъ, ТIаса Гъарадирихъ, ЦIиликь росабалъе.**

ЦIиликь росулъ бугеб ФАПалде щвана, маданиябгун хIухьбахъиялъул центр, гьоркьохъеб школа, «Лачен» ясли-ах къачIаялъул бицана. ЦIилкьадерица Гъалип Гъалиповасда гьарана росу лъедалъун хьезабиялъул суалал тIуразе кумек гьабеян, гьединго гьесие гьез бицана цIикIкIун гIазу-цIад байдал, МелъелтIа-ЦIилик нух ччукIун, росдае кколеб квалкваналъул. Гъалиповас гьел суалал жиндирго хъаравуллъиялде росана. Нухал къачIаялъул масъалабазул районалъул нухмалъулес Дагъистаналъул Минтрансалъул вакилзаби гIахьаллъараб дандеруссиналдаги рорхана. ЦIиликь росдал цIияв бегавуллъун тарав МухIамадгIарип ГIубайдулаевги вихьизавуна гIадамазда районалъул нухмалъулез. Гьеб росдае 18 соналъ нухмалъи гьабурав ГIалихан ДавудхIажиевас баркала загьир гьабуна цIилкьадерие гьабураб божилъиялъухъ.

Рорхатаб мугIрузулаб ракьалда бугеб Бакьулъ Гъарадирихъ росдал ФАПалда



аскIоб кумекалъулаб къед базе, сахаватчагIи ралагьун, кумек гьабилин абуна Гъалип Гъалиповас гьеб сахлъи цIуниялъул бакI тIабигIиял балагьаздаса цIунизелъун. Гъарадирихъ росабазул жамагIаталъ ва идарабазул нухмалъулез районалъул нухмалъулезе баян гьабуна



чара гьечIого тIуразе хIажатал масъалабазул. Гьедин, рорхана Гъоркь Инхо – Гъарадирихъ нух къачIаялъул, Дагъистаналъул халкъияв шагIир, Социалистияб захIматалъул БахIарчи Расул ХIамзатов гьавуралдаса нусго сон иналъул хIурматалда байрам гIуцIиялъул суалал.

Гьединго дандчIваялда рехсана Бакьулъ-Гъарадирихъ нух къачIаялъулги. 1922-23-абилел соназ Расул ХIамзатовасул эмен ЦIадаса ХIамзат Бакьулъ Гъарадирихъ росдал имамлъул хIалтIана, гьенив гьавуна машгьурав шагIирги. Расул ХIамзатов гьавурав рукъалъул къадада, ракIалдещвеялъул къоно чIван буго. Расул ХIамзатов чIаго вугев мехалъго, гьесул разилъиги тIалаб гьабун, къватIибе бачIана «Гъарадирихъ гьавуна шагIир» абураб макъала. Гъарадерица кIудияб къимат гьабула Расул ХIамзатовасул ва шагIирасул нусго сонилаб юбилеялде росулъ гьесул цIаралда музей рагьизе ракIалда буго. Навигаторалъ нух бихьизабун, Гъарадирихъ росабалъан МочIохъ хIорихъе ва цогидал тарихиял ва тIабигIиял памятниказде хьвадула туристал. Гьезул гIарзал рукIуна Гъоркь Инхо-Гъарадирихъ-ГIочIло нух цIакъго къадараб бугин абун. Гьеб нух къачIай Расул ХIамзатов гьавуралдаса нусго сон иналда хурхун тIоритIулел тадбиразде гьорлъе ккезабизе лъикIаблъун бихьизабуна дандельиялда гIахьаллъараз.

Бакълъул районалъул администрациялъ кумек гьабулеб буго муниципалитеталъул гIадамазе ва идарабазул нухмалъулезе ракьалъул бутIа хIалтIизабизе ихтияр кьолеб документ (зеленка) гьабизе. Гьеб суал борхана росабалъе щведалги. Гьеб «зеленка» хIалтIизабулеб ракьалъул, идарабазул гьечIони, бакIал программабалъе ккезаризе рес щоларо. Гъалип Гъалиповас лъазабуна Гъарадирихъ гьоркьохъеб школалъул басралъараб котел хисеян, футбол хIалеб байдан цIидасан сверун къаянги. АлахIорихъ абураб бакIалдасан лъел трубаби лъеялъул суалалги рорхана Гъарадерица. Гъалип Гъалиповасул рагIабазда рекъон, росабалъе лъим, тIабигIияб газ бачин, нухал, цIалул идараби, токил мухъал къачIай аслиял масъалаби руго, гьел тIуразе программаби районалда жигарго гIумруялде рахъинаризе ккола. Гьел росабазул гIадамаз рорхарал киналго суалал протоколалдаги хъвана. Муниципалитеталъул нухмалъулез абуна росаби цIунизе, бакълъулазул гIумрудул шартIал лъикIлъизе бажарараб гьабизе бугин.

**«Гумбет» РИО**

## Лъедолеб бассейн къачIана

### ГIолилазе – лъикIал шартIал

**Бакълъулазул мухъалда маданиябгун сахлъи цIуниялъул комплексалда бугеб лъедеялъул бассейн къачIана. Гьеб хIалтIизе биччана муниципалитеталъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас. Гьесул рагIабазда рекъон, районалда киналго тайпаязул спорт цебетIеялде кIвар кьезе буго.**

«Росабалъ гIумру тIами гьабулел гIолилазе киналго рахъалъ церетIезе квербакъулел шартIал чIезари районалъул администрациялъул аслиял масъалабаздаса цояб буго. Росаби цIунизе, гьел церетIезе хIажатаб хIалтIи хIажат буго. Шагьаралде гочун унезул къадар дагьлъизе, бакълъулазул гIумру бигьалъизе мурадалда муниципалитеталда нухдаинарулел руго батIи-батIиял проектал, гьаб бассейн къокъаб заманалда къачIаялъе гIиллаги гьеб буго. Лъедей – олимпияб спорталъул тайпа буго, гьелъ цIиял гIелазул сахлъи цIуниялъеги квербакъула. Спорталде лъималазул, гIолилазул гьира базаби – кIвар цIикIкIараб иш»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас. Бассейналде унез хIинкъи гьечIолъиялъул тIалабалги цIунизе ккола.

Лъималазе, гIолилазе ва шартIал чIезарураб маданиябгун сахлъи цIуниялъул комплекс бана Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул вице-спикер СайгидахIмад СалихIович АхIмадовасул жигаралдалъун гьес Бакълъул районалъе нухмалъи гьабулел соназ. СайгидахIмад АхIмадовас махщалида гIуцIараб хIалтIул хIасилалда бакълъулазе щвана цIияб ЦРБялъул корпус, поликлиникаялъул цIияб мина, ЦIияб Аргъвани росулъ гьоркьохъеб школа, хьил тIураб нухал, байбихьи лъуна районалде тIабигIияб газ бачиналъе, социалиял ва цогидал бакIал церетIуна.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Гъалип Гъалипов – «Цогояб Россия» ВППялъул Бакълъул районалъул бакIалъулаб отделениялъул секретарь

- 2 гьум.



Росаби церетIей – аслияб масъала

- 2 гьум.



«Рагъулаб вацлъи»

- 2 гьум.



Аргъваниса НурмухIамад НурмухIамадовасул гIумрудул нух

- 3 гьум.

НУХМАЛЪУЛЕБ ПАРТИЯ

# Гъалип Гъалипов – «Цогояб Россия» ВППялъул Бакълъул районалъул бакIалъулаб отделениялъул секретарь

**Бакълъул районалъул администрациялъул дандеруссиназул залалда «Цогояб Россия» ВППялъул Бакълъул районалда бугеб бакIалъулаб отделениялъул XXXI конференция тIобитIана. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул нухмалъулесул ишал тIуралев Гъалип Гъалиповас, «Цогояб Россия» ВППялъул регионалияб исполкомалъул нухмалъулев МухIамадхIажи Юнусовас, 32 аслияб отделениязул 57 делегатас ва цогидаз.**



Конференция тIобитIана Партиялъул Бакълъулазул отделениялъул секретарь Асадула Мухтаровасул бетIерлъиялда. Тадбир гIуцIун букIана Роспотребнадзоралъул тIалабалги тIуран. Партиялъул жигаралда Дагъистаналда гIумруялде рахъинарурал проектазул баян гьабуна МухIамадхIажи Юнусовас, гьединго гьабураб хIалтIул бицун кIалъазе вахъана Асадула Мухтаров.

Балъгояб гьаркьал кьеялъул хIасилалда ТIолгороссиялъул «Цогояб Россия» сиясатияб партиялъул Дагъистаналъул регионалияб отделениялъул Бакълъулазул бакIалъулаб отделениялъул секретарьлъун Гъалип ГIисахIажиевич Гъалипов вищана. Тадбиралъул ахиралда Гъалип Гъалиповас делегатазе гьабураб божилъиялъухъ баркала загьир гьабуна. Бакълъулаз, цадахъ хIалтIулез Гъалиповасда баркана секретарьлъун вищи ва гьарана щулияб сахлъи, хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# Росаби церетIей – аслияб масъала

## ГIадамазул тIалабал гIужда тIураян тIадкъана

**Бакълъул районалъул администрациялда муниципалитеталъул нухмалъулесул заместитель Малик Маликовасул бетIерлъиялда росабалъ социалиял бакIал, росдал магIишат, сахлъи цIуни цебетIеялъул суалал гьоркьор лъураб дандельи тIобитIана. Хасго кIвар кьуна росабалъ федералиял, регионалиял ва бакIалъулал программаби нухдаинариялде. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна федералиял, регионалиял ва бакIалъулал идарабазул вакилзабаз.**



Районалъул нухмалъулесул кумекчагIи ГIалихан ДавудхIажиевас ва Муса КъурамухIамадовас бицана муниципалитеталъул росабалъе сапар бухьиналъул. «Бакълъулазул рикIкIад ругел Гъорк, Бакъулъ, ТIаса Гьарадирихъ ва ЦIиликь росабалъ ниж щвана цIалул, сахлъи цIуниялъул ва цогидал идарабазде, гьединго гьабуна гIадамазулгун гарагIвари. Цо-цо суалал Бакълъулазул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас бакIалдаго тIурана. Гьел росабалъ социалиял ва цогидал кIвар цIикIкIарал бакIал разе ва къачIазе мурадалда федералиял программаби нухдаинаризе хIаракат бахъизе буго. Росаби церетIеялда хурхарал суалал цадахъаб жигаралдалъун тIуразе ккола»,-ян абуна ГIалихан ДавудхIажиевас.

Сахлъи цIуниялда, коронавирусияб инфекциялда хурхарал суалал рорхана Бакълъулазул ЦРБялъул эпидемиолог Апанди Сулеймановас. Гьесул рагIабазда рекъон, вакцинация гьаби тIад бан унеб буго районалда, больницаялъул рахунел унтабазул отделениялда вегун вуго цо чи коронавирусияб инфекциялъ унтарав. Бакълъул районалъул ЦЗНалъул ва УСЗНалъул идарабазул нухмалълез баян гьабуна гIадамал социалияб рахъалъ хьезариялъул.

Муниципалитеталъул росдал магIишаталъул идараялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимовас бицана СПКязул нухмалъулелгун дандчIваялъул ва анкьил хIалтIул хIасилазул. Малик Маликов гьединго гIенеккана цогидал дандельиялъул гIахьалчагIахьги. Тадбиралъул хIасилал гьарулаго, цояб ккола цIиял гьабуна гIужда ва лъикI бакълъулазул тIалабал тIураян.

**«Гумбет» РИО**

ИСЛАМАЛЪ ГЬАВУЛА ИНСАНЛЪУН ИНСАН

# Ражаб – Аллагьасул моцI

## БацIцIадаб гIибадат гьабизе тавпикъ кьеги

**Ассаламу гIалайкум, хIурматиял бакълъулал! РакI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щвараб Ражаб моцI! Баракатгун рахIматал рещтIунеб моцIлъун батаги, Аллагьас нилъее кьуват кьеги гIибадат жеги цIикIкIун гьабизе, тавбу гьабун, ТIадегIанав БетIергьанасде руссине. Ражаб моцIалъ гьабураб гIибадаталъухъ Аллагьас бусурбабазе бихьизабун буго хасаб даражаги.**

Ражаб ккола исламияб календаралда анкьабилеб моцI, жибги хириял моцIазул цояблъун кколеб, жинда жаниб рагъ гьабизеги гьукъараб. Ислам бачIиналдего гIарабаз кIодо гьабулаан гьеб моцI, тухумазда гьоркьоб бугеб дагIба – рагIи къотIизабулаан гьез. Ражаб моцIалда жанир гьадинал лъугьа-бахьиналги ккана: цо-цо риваятазда рекъон, Ражаб моцIалъ дандельана Аварагасул (салаллагьу тагIала гIалайгьи васаллам) эбел-эмен, гьеб сордоялъ МухIаммад аварag (салаллагьу тагIала гIалайгьи васаллам) асIана МигIражалде, Аварag (салаллагьу тагIала гIалайгьи васаллам) дандчIвана Аллагьгун, аварагзабигун, тIад лъуна Аллагьас бусурбабазда паризаяб как базе.

Аварагас (салаллагьу тагIала гIалайгьи васаллам) абун буго: «Ражаб ккола Аллагьасул моцI, ШагIбан дир моцI, Рамазан дир умматалъул моцI». Рамазан моцIалде, Ражаб моцI байбихьигун, муъминчиясе рекъараб буго жиндирго гIамалазул халгьабизе, лъикIалде вуссинин ният гьабизе. Гьарула Аллагьасда нилъер щивасе гьаб моцI гIибадаталда, лъикIал ишазда тIобитIизе иманги тавпикъги кьеян. ГIадада заман биччаге, хирияв диналъул вацал ва яцал, хIаракат бахъе Аллагьасе гIибадат гьабулеб нухда хьвадизе.

Бакълъул районалда тIобитIизе буго битIун какие чуриялъул, как баялъул къецги. Конкурсалда тIасан суалал ратани, хьвазе, ахIизе бегьула гьаб номералда: 8 967 396 56 90. Гьенир гIахьаллъи гьабуразеги цIикIкIараб пайда щвела.

**Шамил ХIажиев,**
**Бакълъул районалъул имам**

ЩИВГО КIОЧОН ГЬЕЧIО, ЩИБГО КIОЧОН ГЬЕЧIО

# «Рагъулаб вацлъи»

## Бакълъулазул ветераназул идара бергьана СКФО-ялда

**БакIалъулал «Рагъулаб вацлъи» отделениязда гьоркьор щибаб соналъ тIобитIула смотр-конкурс. Гьединаб тадбир гIуцIиялъул мурадги буго ветеранazул идараби церетIей, цоцазул хIалбихьи хIалтIулъ нухдаинаби. Щибаб федералияб округалда гьоркьоб рищула лъикI хIалтIи гIуцIарал бакIалъулал отделениял. Гьедин, исана бакIалъулал ветеранзул отделениязда гьоркьоб тIобитIараб кьецалда бергьана Бакълъул районалъул бакIалъул «Рагъулаб вацлъи» идара. Гьелъие нухмалъи гьабулеб буго МухIамадрасул Сулеймановас.**



Гьев гьавуна 1966-абилеб соналъул 17-абилеб февралалъ МелъелтIа росулъ.1984-абилеб соналъ, МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун,хасалихъе, Казбекалъул рагъулаб комиссариаталдасан хъулухъ гьабизе ана Советияб Армиялде. ВатIаналъул тIадаб налъи тIубазабизе ккана Туркестаналъул Рагъулаб округалъул, Ашхабад шагьаралда букIараб рагъун гьариялъул частalде.

Рагъун гьариялъул болжал лъугIун хадув, 40-абилеб армиялда гьорлъ, интернационалияб налъи тIубазабизе витIана Афгъанистаналда букIараб Советияб Армиялъул ГIорхъи чIвараб Континенталда гьоркьобе унеб 70-абилеб ОМС бригадаялде. Гьеби букIана Кандагар провинциялда. ГIахьаллъана бригадаялъ тIоритIарал батIибатIиял операциязда. Гьел рагъулал операцияздa бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло мустахIикълъана рагъулаб «За боевые заслуги» медалалъе. Руго хIукуматалъул рахъалдасан кьурал цогидал шапакъаталги. 1986-абилеб соналъ интернационалияб налъи ва ВатIаналъул тIадкъайги тIубазабун тIадвуссана гIагараб МелъелтIа росулъе. Руго 4 лъимер. Дагъистаналъул бетIерасул Указалда ре-къон 2019-абилеб соналъ «ГIолилазул мустахIикъав насихIатчи» абураб цIарги щвана.

Араб анкьалъ МухIамадрасул Сулейманов дандчIвана Бакълъулазул нухмалъулев Гъалип ГIисахIажиевич Гъалиповгун. «ВатIаналда цебе налъи лъикI тIубазе кидаго хIаракат бахъула бакълъулаз, 1380 нилъер ракьцоял бахIарчиго рагъана КIудияб ВатIанияб рагъда, 866-яв тIадвуссинчIо. Афгъанистаналда рагъухъаби-интернационалистазги бихьизабуна ВатIаналъе гIоло рухI кьезе хIадурал рукIин. Дица баркала загьир гьабула Бакълъул районалъул рагъухъаби-интернационалистазе жидеца гIолилазе бихьизабулеб мисалалъухъ. Гьел квешалдаса цIунизе, битIараб пикру бижизе гьабулеб хIалтIухъ»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

МухIамадрасул Сулейманов гьединго «Гумбет» газеталъул редакциялдеги гьоболлъухъ щвана. Муниципалитеталъул журналистазе гьес баян гьабуна ветераназул бакIалъул «Рагъулаб вацлъи» идараялъул хIалтIул аслиял рахъазул. «Нижеца кIвар буссинабулеб масъалабазул цояб ккола цIиял гIелазе тарбия кьей, лъикIаб мисал бихьизаби, ВатIаналдехун гьезул лъикIаб бербалагьи цIикIкIинаби. Жакъа къоялъ нилъер жамгIияталъе хIажат руго такъсирчилъиялдаса, терроризмагун экстремизмалдаса рикIкIад чIарал гIолилал. Нильер умумузги хIаракат бахъулаан намус-ях1, ракI бацIцIалъи бугел, къадру-къимат борхатго цIунулел гIелал лъугьинаризе. Гьанжесеб гIелги гьединго куцаялде пикру буссинабула нижецаги. ЖамгIият кинабго рахъалъ цебетIезабизе гьира бугел гIолилал гIемер ругони, гIагараб ракь ва тIолго улка цебетIола. Баркала загьир гьабизе бокьун буго Бакълъул районалъул тIалъиялъе цере лъурал масъалаби тIуразе нижее гьабулеб кумекалъухъ, лъикIаб бербалагьиялъухъ»,- ян абуна МухIамадрасул Сулеймановас.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Аргъваниса НурмухIамад НурмухIамадовасул гIумрудул нух

Гьаб хабар уябищ яги тIекьабищ
НурмухIамадие къадар кканилан,
Коллектив чIухIарав росо бахилав
ГIажаибав инсан нилъги тун анин.
Щай мун гIедегIарав нижги тун ине
Аб дунял кIочараб ахират кьеяв,
Хъизан лъималазда баракат лъеяв
Нахъе ругелазе гIумру батаяв.
КIикъоялда хадур сонал инегIан
Мун цадахъ хIалтIана коллективалда,
Щиб иш тIад къаниги мухIканаб хIалалъ,
Дуца гьеб тIубана лъидасаго лъикI.
Гьанже нилъер школа бесдал хутIана
КъваригIел тIубазе мунги гьечIого,
Дуца гурищ нижер кинабниги иш
МухIканаб хIалалда тIубан букIараб.
**ГIабдулхIамид Мусаев**

**НурмухIамадов НурмухIамад МухIамадович гьавуна Бакълъул районалъул Аргъвани росулъ 1954-абилеб соналъ. Байбихьул школа лъугIизабуна Бабаюрт районалъул Нани-бика росулъ. 5-абилеб классалдаса цIалана Аргъвани росулъ, гьитIинго ккараб балагьалдаса хадуб кIиябго квер гьечIого хутIизегIан. Хадув гIемер вегана больницабазда, Россиялъул санаторияздa. Россиялъул батIи-батIиял школазда цIализе ккана гьев, 10-абилеб класс лъугIизабуна 1975-абилеб соналъ Новочеркасск шагьаралда.**

1977-абилеб соналъул 29-абилеб декабралда ЦIияб Аргъвани росдал микьгосонилаб школалде хIалтIизе восана.1978-абилеб соналъ МахIачхъала шагьаралда бугеб ДГПИялде цIализе байбихьана. 1983-абилеб соналъ гьебги лъугIизабун, обществознаниялъул ва тарихалъул мугIалимлъун вахъана. Сахлъиялъул рахъ гIемер лъикI гьечIониги, гьес жигарго тIуразарулаан жамгIияталъул ва школалъул тIадкъаял. Лъималазул цIалиялде ва цогидал рахъазде гъира базабизе гьунар бугев чи вукIана НурмухIамад. Школалъул азбаралда гьес рицIигьутIби, къокъал тайпаязул розаби, КастIани мухъалъ накIкIигьутIби чIана. ГIагараб ракьалъул тарих лъазабизе бугеб гъираялъ гьев чанги батIи-батIиял гIадамалгун мугIрузде унаан. Щакъ кIвар кьолаан нухал къачIаялде, гIемерал хьитал хвана НурмухIамадил нухал чIахIиял ганчIаздаса рацIцIад гьарулаго.

Гьесул хIаракаталдалъун къватIибе биччана школалъул тарихалъул хъвараб тIехь, гьединго «Аргъвани росдал тарих» абураб тIехь гIуцIизеги жигарго хIалтIана НурмухIамадов. Гьел тIахьал къватIире риччазе гьес жиндирго сурсатал хIалтIизаруна. Гьелдалъунги бихьула кигIан гьесие хирияб букIараб гIагараб ракь ва гьелъул тарих. Дунги гьевги гIемерал щвана мадугьалихъ ругел республикабазде, тарихиял бакIазде, шагьаразде. 1 группаялъул инвалид вукIиналъ гьесие изну кьолароаан лъималги рачун сапаралъ ине, амма гьесул мурад букIунаан лъималазда гIагараб мухъалъул берцинлъи ва кIодолъи бихьизабизе. Аллагьас ахират лъикIаб кьун батаги НурмухIамадие. Амин.

**Маржанат ГIалиева**

СТРАНА ГОР

# Инициатива «Санитарный щит страны» реализуется в России

**Премьер РФ Михаил Мишустин на совещание о ходе реализации и результатах инициатив социально-экономического развития России до 2030 года рассказал о претворении в жизнь инициативы «Санитарный щит страны».**

Об этом сообщает официальный сайт Правительства России. Руководитель кабмина РФ заявил, что «Санитарный щит страны» – очень востребованный проект. «Инициатива «Санитарный щит страны», которая реализуется по решению Президента, стала ответом на пандемию ковида и возможные будущие вызовы. Надо научиться действовать на опережение – прогнозировать риски», – подчеркнул Михаил Мишустин.

Отметим, что руководитель Гумбетовского района Галип Галипов держит на постоянном личном контроле вопросы борьбы против пандемии COVID-19, здравоохранение в районе является приоритетом.

**РИО «Гумбет»**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Проводится оперативно-профилактическая операция «Оружие»

**ОМВД РФ по Гумбетовскому району доводит до Вашего сведения о том, что, оперативная обстановка, связанная с незаконным оборотом огнестрельного оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств на территории Республики Дагестан, остается сложной.**

С применением огнестрельного оружия и взрывных устройств на территории республики совершается значительное количество тяжких и особо тяжких преступлений, в том числе убийства, покушения на убийство, разбойные нападения, а также на объекты транспортной инфраструктуры и бизнеса. В связи с изложенным, в целях стабилизации оперативной обстановки на территории Республики Дагестан по линии борьбы с незаконным изготовлением и оборотом огнестрельного оружия, боеприпасов, ВВ и ВУ,

в период с 7 по 16 февраля 2022 года на территории Республики Дагестан проводится комплексная оперативно-профилактическая операция «Оружие».

Основными задачами которого операции являются:

Установление и перекрытие источников и каналов поступления в незаконный оборот оружия, боеприпасов, ВВ и ВУ, в том числе контрабандных каналов и «мастерских» по переделке гражданского оружия в аналоги боевого.

ОМВД РФ по Гумбетовскому району просит граждан сообщить в ОМВД России по Гумбетовскому району о любых известных Вам фактах незаконного оборота оружия ВВ и ВУ. Анонимность и вознаграждение гарантируется

Сообщения принимаются круглосуточно дежурная часть ОМВД России по Гумбетовскому району по тел. 8 9994188510

**А.М. Гаджиев,**
**врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району, подполковник полиции**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет «Цилитлинский»»

**30 декабря 2021г. Решение № 09 сел.Цилитль**

**Собрание депутатов постановляет :**

**Утвердить бюджет сельского поселения «Сельсовет «Цилитлинский»» на 2022 год и на плановый период 2023 и 2024 год.**

**1.Доходная часть.**

**Расчетные показатели по доходам к бюджету сельского поселения «Сельсовет «Цилитлинский»» на 2022 год и на плановый период 2023 и 2024 год.**

**тыс.руб**

| Вид доходов | **2022 г.** | **2023 г.** | **2024 г.** |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2794,0 | 2235,0 | 2235,0 |
| Нолог на доходы физических лиц | 40,0 | 40,0 | 40,0 |
| Налог на имущество физических лиц | 25,0 | 25,0 | 25,0 |
| Земельный налог | 206, | 206.0 | 206,0 |
| Единый сельхоз налог | 10,0 | 10,0 | 10,0 |
| Субвенция | 114,0 | 119,0 | 122,0 |
| ВСЕГО: | **3189,0** | **2635,0** | **2638,0** |

**2.Расходная часть. тыс.руб.**

| Вид расходов | **2022 г.** | **2023 г.** | **2024 г.** |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 1851,0 | 1706,0 | 1716,0 |
| Учреждения культуры | 876,0 | 680,0 | 680,0 |
| ВУС | 114,0 | 119,0 | 122,0 |
| ЖКХ (Благоустройство) | 258,0 | 70,0 | 70,0 |
| Молодежная политика | 30,0 | 15,0 | 10,,0 |
| ФК и спорт | 30,0 | 15,0 | 15,0 |
| Резервный фонд | 30,0 | 30,0 | 30,0 |
| ВСЕГО: | **3189,0** | **2635,0** | **2638,0** |

**Председатель собрания Г.С.Газгереев**

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет «Арадирихский»»

**30.12.2021г. Решение№14 с. Арадирих**

**1. Утвердить бюджет сельского поселения «сельсовет «Арадирихский» на 2022 год в размере 3374 тыс. рублей, и плановый период на 2023 год в размере 2747 тыс. рублей, на 2024 год в размере 2750 тыс. рублей.**

| **а) Доходы:** | **2022 г.** | **2023 г.** | **2024 г.** |
|---|---|---|---|
| Дотация | 3158,0 | 2526,0 | 2526,0 |
| Субвенция | 108,0 | 113,0 | 116,0 |
| Собственные доходы | 108,0 | 108,0 | 108,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 29,0 | 29,0 | 29,0 |
| Земельный налог | 60,0 | 60,0 | 60,0 |
| Имущественный | 19,0 | 19,0 | 19,0 |
| ИТОГО: | 3374,0 | 2747,0 | 2750,0 |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 1725,0 | 1632,0 | 1632,0 |
| б) | МКУК | 961,0 | 866,0 | 866,0 |
| в) | ВУС | 108,0 | 113,0 | 116,0 |
| г) | Доплата к пенсии | 97,0 | 97,0 | 97,0 |
| д) | Ф/К и спорт | 25,0 | 26,0 | 26,0 |
| ж) | Молодежная политика | 15,0 | 13,0 | 13,0 |
| з) | ЖКХ (благоустройство) | 443,0 | | |
| | ИТОГО: | 3374,0 | 2747,0 | 2750,0 |

**Председатель сельского собрания Г. М. Алигаджиев**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Оружие-выкуп

**2022-абилеб соналъул 19-абилеб январалдаса 31-абилеб декабралде щве-зегIан, МВДялъул 2022-абилеб сона-лъул 19-абилеб явараль къватIибе бачIараб № 105 буюрухъалда рекъон, Дагъис-тан Республикаялда тIоби-тIулеб буго «Оружие-выкуп» абураб операция.**

Ярагъ гIадамахъа бичун нахъе босизе, Дагъистан Рес-публикаялъул ХIукуматалъул 2014-абилеб соналъул 24-аби-леб апрелалда къватIибе бачIараб (2019-абилеб сона-лъул 4-абилеб марталда гьарурал хиса-басиялгун №36) Постановлениялда рекъон чIезарун руго гьал хадур рехсарал багьаби:

| № п/п | Наименование оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ | Цена в руб. |
|---|---|---|
| I. | Пистолет или револьвер | 45000 |
| 2. | Автомат | 60000 |
| 3. | Пулемет | 75000 |
| 4. | Подствольный гранатомет | 45000 |
| 5. | Ручной противотанковый гранатомет | 45000 |
| 6. | Одноразовый гранатомет или огнемет | 45000 |
| 7. | Винтовка СВД | 60000 |
| 8. | Пистолет-пулемет | 45000 |
| 9. | Охотничий карабин | 9000 |
| I0. | Охотничье гладкоствольное ружье | 4500 |
| II. | Газовые пистолеты и револьверы отечественного производства | 1500 |
| I2. | Газовые пистолеты и револьверы иностранного производства | 1500 |
| I3. | Пистолеты и револьверы кустарного производства | 3000 |
| I4. | Самодельное стреляющее устройство | 750 |
| I5. | Взрывчатое вещество (тратил, пластид, аммонит, аммонал, и др. промышленного изготовления) за I грамм | 8 |
| I6. | Взрывное устройство (устройство, включающее в себя ВВ и СВ) | 3000 |
| I7. | Средство взрывания (электродетонатор, капсюль-детонатор, взрыватель за I шт., огнепроводные и электропроводные шнуры за I метр) за единицу | 300 |
| I8. | Штатный боеприпас (выстрелы к артиллерийскому вооружению) | 3000 |
| I9. | Выстрел к РПГ | 3000 |
| 20. | Выстрел к подствольным и станковым гранатометам | 2500 |
| 2I. | Ручная граната | 2500 |
| 22. | Мина | 1500 |
| 23. | Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию | 15 |
| 24. | Винтовка типа Мосина | 15000 |

Бичун ярагъ нахъе кьезе бегьула Бакълъулазул ОМВДялъул дежурнияб часталде сордо-кьоялъухъ балагьичIого. Нахъе ярагъ кьолеб мехалъ хъвалеб гIарзаги, гIарац щвезе ккани цIезаризе кколел кагътазеги, кумек гьабула ОМВДялъул хIалтIухъабаз.

**А.М.Гаджиев,**
**врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району,**
**подполковник полиции**

# Государственные услуги в электронном виде

**Уважаемые Гумбетовцы! Миграционный пункт ОМВД России по Гумбетовскому району информирует Вас о преимуществах полу¬чения государственных ус¬луг в электронном виде.**

В целях реализации требо¬ваний Федерального закона от 27.07.2010 года № 210-ФЗ «Об организации предоставления государственных и муници-пальных услуг» подразделе¬ния по вопросам миграции приступили к предоставле¬нию государственных услуг и функций в упрощённом по-рядке.

В целях сокращения сро¬ков оказания государственных услуг в соответствии с требо¬ваниям Федерального закона действует система межведом¬ственного взаимодействия посредством Единого портала государственных и муници¬пальных услуг www.gosuslugi. ru, позволяющая избежать не¬обходимости личного обраще¬ния в органах внутренних дел и предоставление документов в бумажном виде.

Портал gosuslugi.ru - это государственная система, обе¬спечивающая предоставление государственных и муници¬пальных услуг гражданам в электронной форме.

Зарегистрировавшись один раз на сайте www.gosuslugi.ru. вы получите доступ ко всем услугам портала, в том числе и тем, которые оказываются подразделениями по вопросам миграции. Подать электронное заявление возможно в любое время, независимо от време¬ни суток, праздничных и вы¬ходных дней, через любой компьютер, планшет или мо¬бильный телефон, имеющих допуск к сети интернет. Чтобы получить услугу Вам не при¬дется выходить из дома.

Достаточно только отпра¬вить электронное заявление и необходимый перечень доку¬ментов через портал государ¬ственных услуг. В дальней¬шем вы просто наблюдаете за ходом исполнения своего заяв¬ления. Возможностями порта¬ла могут воспользоваться фи¬зические и юридические лица, предприниматели и иностран¬ные граждане. Гражданину для получения государствен¬ной услуги в сфере миграции, требуется предъявить мини¬мальное количество докумен¬тов, как правило, имеющихся у него на руках. Большая часть сведений и документов запра-шивается через систему меж¬ведомственного электронного взаимодействия в федераль¬ных органах исполнительной власти, где они имеются.

Заявление, поданное в электронном виде обладает той же юридической силой и влечет за собой такие же юри¬дические последствия, что и заявление, поданное лич¬но. После подачи заявления в электронном виде, граждане могут контролировать его ста¬тус из своего «лично¬го каби¬нета» на портале не выходя из дома. В полученном уведомле¬нии будет информация о кон¬кретном времени приема, что позволит избежать ожидания в очереди.

Таким образом, граждане имеющие доступ к сети Ин¬тернет, могут воспользоваться всеми преимуществами бы¬строго и бесконтактного доку-ментооборота и получить не¬обходимые услуги без потери времени и качества.

Преимущество использо¬вания портала государствен¬ных услуг gosuslugi. ru: -круглосуточная доступ¬ность;

-получение услуги из любо¬го удобного для Вас места;

-доступность сервисов по регистрационным данным портала;

-нет необходимости ждать письменного подтверждения -отсутствие очереди; -присутствие службы под¬держки;

-встроенная система оплаты со скидкой 30%;

-отсутствие коррупции, т.к. заявитель не обращается на прямую в ведомство для полу¬чения услуги;

-фиксированный срок полу¬чения услуги;

-возможность обжалования результатов получения услу¬ги.

При оформлении докумен¬тов гражданам, подавшим за¬явление в электронном виде, обеспечивается приоритет¬ный прием.

В настоящее время подраз¬деления по вопросам мигра¬ции представляют следующие государственные услуги в электроном виде:

-выдача и замена паспортов гражданина РФ;

-регистрация граждан РФ по месту пребывания, по месту жительства и снятие с реги¬страционного учета по месту пребывания по месту житель-ства;

-адресно - справочная рабо¬та.

За более подробной инфор¬мацией Вы можете обратиться в миграционный пункт ОМВД России по Гумбетовскому району, по адресу: ул. Центральная д.104, с. Мехельта Гумбетовского рай¬она Республики Дагестан или по телефону тел 8 8722 98-43-15.

**С уважением,**
**Исаев Шамиль, начальник миграционного пункта Отдела МВД России по Гумбетовскому району.**

## Проводится отбор кандидатов мужского пола на военную службу по контракту в воинские части

1.в/ч-91706, 91708,91714, 84839, 15269, 22220, 82717 -Персиановский Ростовская область 80А-7ч;

2.В/4-09332, 014485, 74814, 49 ОА- 24;

3.В/4-27777, 71718, 16544, 65384, 75394, 66431, 580А -54;

4.в/ч-87852, 72969, 87111, 20527,40153, 40140,97729 Каспийская флотилия- 10 ч;

5.в/ч-48315,71226, 98591,98592,63530, 57229, части окружного подчинения -1 ч;

6.ВКС-14 ч.;

7.ВДВ-14 ч.;

8.Другие военные округа-14 ч.;

9.Другие органы военного управления- 2 ч.

По вопросам поступления, отбора обращаться в военный комиссариат Казбековского и Гумбетовского муниципальных районов тел.(8-279)-2-13-02

**Арсен Магомедов,**
**Военный комиссар Казбековского и Гумбетовского МР**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гьулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.